ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ		ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ
Қараөзек районы	№ 718/9	« 13 » сентябрь 2018-жыл.

Район аймағында жол ҳәрекет қаўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында

Қараөзек районы Ишки ислер бөлиминиң 2018-жыл 27-февральдағы «Қараөзек районы аймағында автотранспортлар тәрепинен жол ҳәрекети қәделерин ҳәм жолаўшылардың қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында»ғы 1022-санлы хатын, район ҳәкимлиги жанындағы жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери бойынша комиссияның 2018-жыл 31-июльдағы 1/60-санлы баянламасын қарап шығып, Өзбекстан Республикасы Министирлер Кабинетиниң 2015-жыл 24-декабрдеги 370-санлы қарары менен тастыйықланған «Жол ҳәрекети қағыйдалары» («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами» 2016 йил 3-сон, 23-модда) ның VII бөлимине, «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына муўапық,

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н

1. Районлық аймағындағы 4Р 176 «Нукус, Тахтакөпир» автомобиль жолының 89-90 ҳәм 90-91 километр аралығындағы 4 дана 3.27 тоқтаў қадаған етиледи жол белгилери орнына, 3.28 тоқтап турыў қадаған етиледи жол белгисине алмастырылсын.

2. Қараөзек районлық жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы (А.Өсербаев)на: районы аймағындағы 4Р 176 «Нукус, Тахтакөпир» автомобиль жолларының 89-90 ҳәм 90-91километр аралығындағы 4 дана 3.27 тоқтаў қадаған етиледи жол белгилери орнына, 3.28 тоқтап турыў қадаған етиледи жол белгисине алмастырыў тапсырылсын.

3. Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында ҳәм “Мийнет байрағы” газетасында рәсмий жәриялаў район ҳәкимлигиниң юрист-мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа тапсырылсын.

4. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары А.Джуманиязовка жүкленсин.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Ҳәким: **Д. Утемуратов**